# P. I. CHAYKOVSKIYDIŃ BESINSHI SIMFONIYASINDAǴI (OP 63. E-MOLL) TÁǴDIR TEMASI: MUZIKALIQ-ANALITIKALIQ JANTASIW

***Dauletbaeva Gúlxumar***
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı "Muzıkatanıw" qánigeligi 3-kurs studenti*

**Annotaciya:** Bul maqala XIX ásirdiń rus simfoniyalıq muzıkasınıń eń tásirli hám dramatikalıq shıǵarmalarınıń biri bolǵan P. I. Chaykovskiydiń Besinshi simfoniyasın muzıkalıq talıqlaw menen baylanıslı. Simfoniyadaǵı táǵdir temasına pútkil dramaturgiyalıq element sıpatında ayırıqsha dıqqat awdarıladı, onıń intonaciyalıq kelbeti hám ózgerislerine itibar beriledi. Forma, orkestrlew, tematikalıq rawajlanıw hám leytmotivtiń tolıq kórkem obrazdı jaratıwdaǵı ornı qarastırıladı. Tallaw shıǵarmaǵa emociyalıq tereńlik hám filosofiyalıq baǵdar beriwshi kompozitorlıq usıllarǵa da kóz qaratıladı.

**Gilt sózler:** P. I. Chaykovskiy, Besinshi simfoniya, muzıkalıq talıqlaw, táǵdir teması, leytmotiv, simfoniyalıq dramaturgiya, orkestrlew, intonaciya, forma

# ТЕМА СУДЬБЫ В ПЯТОЙ СИМФОНИИ П. И. ЧАЙКОВСКОГО: МУЗЫКАЛЬНО-АНАЛИТИЧЕСКИЙ ПОДХОД

**Аннотация:** Статья посвящена музыкальному анализу Пятой симфонии П. И. Чайковского, одного из наиболее выразительных и драматичных произведений русской симфонической музыки XIX века. Особое внимание уделяется теме судьбы как сквозному драматургическому элементу, ее интонационному облику и трансформациям в ходе симфонии. Рассматриваются форма, оркестровка, тематическое развитие и роль лейтмотива в создании целостного художественного образа. Анализ сопровождается рассмотрением композиторских приёмов, придающих произведению эмоциональную глубину и философскую направленность.

**Ключевые слова:** П. И. Чайковский, Пятая симфония, музыкальный анализ, тема судьбы, лейтмотив, симфоническая драматургия, оркестровка, интонация, форма

# THE FATE THEME IN TCHAIKOVSKY'S SYMPHONY NO. 5: A MUSICAL ANALYSIS

**Abstract:** The article is devoted to the musical analysis of Pyotr Ilyich Tchaikovsky's Symphony No. 5 — one of the most expressive and dramatic works of

19th-century Russian symphonic music. Special attention is given to the theme of fate as a unifying dramaturgical element, its intonational shape, and transformations throughout the symphony. The paper explores form, orchestration, thematic development, and the role of leitmotif in constructing a cohesive artistic image. The analysis highlights the compositional techniques that lend the work its emotional depth and philosophical dimension.

**Keywords:** P. I. Tchaikovsky, Symphony No. 5, musical analysis, theme of fate, leitmotif, symphonic dramaturgy, orchestration, intonation, form

**Dóretiliw tariyxı.** Tórtinshi simfoniyanı dóretkennen keyin on bir jıldan soń Chaykovskiy jáne usı temaǵa qayttı. Endi ol basqasha simfoniya dóretpekshi boldı: táǵdir menen gúreske kirisiw hám onı jeńiw.

1887-1888-jıllar onıń ushın júdá qızǵın máwsim boldı. Ol oktyabr ayında Peterburgta Mariin teatrında qoyılǵan "Charodeyka" operasınıń birinshi saxnalastırılıwında dirijyorlıq etti, noyabr ayında Moskvada eki simfoniyalıq koncert berdi, sońınan shet elge birinshi úlken gastrol saparına shıqtı. Shet elde tórt ay bolıp, óziniń shıǵarmalarınan ibarat koncertlerge Leypcig, Gamburg, Berlin, Praga, Parij, Londonda dirijyorlıq etti. Kompozitor Grig benen tanısadı.

Mashaqatlı sapar tamamlanǵannan soń, kompozitor úlken jeńillik penen Klin qalasınan jeti shaqırım uzaqlıqtaǵı Frolovskiy imeniyesine ornalastı. "Men Frolovskiyge pútkilley ashıq bolıp qaldım," - dep jazǵan edi ol tuwısqanına. Usı jerde 1888-jılı may ayında Besinshi simfoniya ústindegi jumıs baslandı.

Dáslepki waqıtları shıǵarma jazıw júdá ástelik hám qıyınshılıq penen júrdi - aldıńǵı aylardaǵı sharshaǵanlıǵı óz tásirin tiygizdi. Hátte kompozitor óz imkaniyatlarına gúmanlana basladı. "Endi qattı isleymen, tek basqalarǵa ǵana emes, al ózime de ele hálsiremedim dep dálillewdi qáleymen, - dep jazǵan edi ol. - Kóbinese ózime gúmanlanıw keledi hám: toqtaytuǵın waqıt kelgen joq pa, fantaziyamdı hár dayım hádden tıs zorlaǵan joqpan ba degen soraw payda boladı. Eger maǵan ele on eki jıl jasawǵa tuwra kelse, bul bir kúni bolatuǵını sózsiz, sonıń ushın da qural-jaraqtı taslaytuǵın waqıt kelmegenin qaydan bilemen?"

Soǵan qaramastan, 14-avgustqa kelip simfoniya tolıq tamamlandı hám kórnekli muzıkant hám muzıkalıq jámiyetlik gayratkeri, Gamburg filarmoniya jámiyetiniń tiykarın salıwshısı hám basshısı I. F. T. Ave-Lallemanǵa baǵıshlandı. Chaykovskiy onıń menen 1888-jılǵı gastrol saparı waqtında tanısqan hám onıń shıǵıp sóylewlerin shólkemlestirip qoymastan, barlıq repeticiyadada qatnasqan, keyin kompozitorǵa bir qansha jaqsı sózler aytqan seksen jasar ǵarrıǵa qattı tásirlengen edi. Simfoniyanıń premerası 1888-jıldıń 5-noyabrinde Peterburgta Filarmoniya jámiyetiniń koncertinde boldı, onıń pútkil baǵdarlaması Chaykovskiydıń shıǵarmalarınan quralǵan edi.

Avtordıń ózi dirijyorlıq etti. 10-dekabrde ol Moskvada RMJ koncertinde de dirijyorlıq etti.

Eki paytaxtta da jańa simfoniya xalıq arasında úlken tabısqa eristi, biraq sın pikirler de boldı. Peterburglı recenzentlerdiń biri Chaykovskiydiń talantınıń páseyiwi haqqında ayttı, ekinshisi ideyasızlıqta ayıpladı. Simfoniya kompozitordıń ózin de qanaatlandırmadı. "Hár saparı sońǵı simfoniyamnıń sátsiz shıǵarma ekenligine barǵan sayın kóbirek isenemen, hám bul tosattan bolǵan sátsizlik (múmkin, qábiletlerimniń tómenlep ketiwi de) meni qattı qapa etedi. Simfoniya júdá reńbáreń, awır, shın júrekten emes, sozılǵan, ulıwma júdá jaǵımsız bolıp shıqtı," dep jazadı Pyotr Ilich N. fon Mekkke.

Bul pikir oǵada ádalatsız ekenin túsindiriwdiń keregi joq. Aytpaqshı, sol xatta ol Taneevtiń ájayıp, joqarı kásiplik dárejedegi muzıkant ekenligin, ol Besinshi simfoniyanı Chaykovskiydiń eń jaqsı shıǵarması dep esaplaytıńın xabarlaydı. Avtordıń bul opusqa bunshelli sın kóz-qarastan qarawınıń sebebi, bir waqıtları ózi júdá isenimlilik penen sáwlelendirgen temanı bul jerde jańasha ashıp beriwge urınıwında bolsa kerek. Besinshi simfoniyanıń tiykarında da "táǵdir teması" - barlıq bólimler arqalı ótetuǵın, rawajlanıwı hám ózgerisleri shıǵarmanıń oraylıq ideyasın ashıp beretuǵın qayǵılı obraz jatır.

1889-jıldıń báhárinde Chaykovskiy Gamburgqa I. F. T. Ave-Lallemanǵa baǵıshlanǵan simfoniyaǵa dirijyorlıq etiw ushın arnawlı bardı. Ókinishке oray, qartayǵan muzıkant ózine baǵıshlanǵan atqarıwǵa qatnasa almadı, biraq kompozitorǵa tásirli xat jiberdi. Gamburg premerasınıń nátiyjesi sonda boldı: Chaykovskiy simfoniyaǵa óziniń qatnasın qayta kórip shıqtı hám onıń anıq artıqmashılıqların maqulladı.

Simfoniyanıń **kirisiwi (birinshi bólim)** - Andante tempinde, 4/4 ólsheminde, e-moll tonlıǵında, sonata formasında dóretilgen. Bul bólim bas klarnet penen tómengi tarlı sazlardıń járdeminde orınlanatuǵın azalı marsh. "Táǵdir aldında tolıq tájim etiw... aytıp bolmas táǵdirge baǵınıw, - dep jazadı bul muzıkalıq obraz haqqında Chaykovskiy óziniń qara jazbalarında." Birinshi bólimniń tiykarǵı partiyası - jáne de marsh, endi bekkem, biraq ele de qarańǵı hám tınıshsız. Háreketi jıldam, ritmi anıqlasqan. Áste-aqırın reńi jaqtılanıp, kúsh jıynap, muzıkalıq aǵım barǵan sayın qúdiretlenip, tez arada tásirli kulminaciyaǵa jetedi. Qosımsha partiya - romantikalıq qosıq tárizli. Skripka naması aldıńǵı dawıllı hárekettiń dawamınday bolıp esitiledi. Qosımsha partiya ishindegi vals epizodı - dramadan tolıq shetlesiwi. Onda náziklik hám páklik húkimdar. Biraq pútkil orkestrdiń keskin akkordları vals júrisin buzıp, dramatikalıq, tolı qızǵınlıqtaǵı gúreske qaytaradı. Ol rawajlanıwdıń keskin soqlıǵısıwların, pútkil birinshi bólim muzıkasınıń tragediyalıǵın belgileydi.

ISSN:3030-3621



**Ekinshi bólim**- andante cantabile con alcuna licenza, 12/8 ólsheminde, D-dur tonallıǵında, úsh bólimli formada (A-B-A) dóretilgen. Chaykovskiy lirikasınıń eń ájaiyıp úlgilerinen biri. Tarlı sazlardıń qayǵılı xoralı jańlaydı, soń tereń tásirli solo menen valtorna kiredi. Oǵan lirikalıq jaqtı aǵash demli sazlar qosıladı. Júdá sulıw qosıq ósip, gúllep atır. Biraq táǵdir teması basıp kiredi. Oǵan juwap - bir pútin tınıshlıqtan soń - adam dawısına uqsas tásirli tembrdegi violoncheller jáne de ekspressiv jańlaǵan nama menen juwap qaytaradı. Chaykovskiydiń ózine ǵana tán bolǵan namanıń sheksiz tolqını jáne de ayawsız táǵdir tárepinen úziledi. Aqırǵı ret ájaiyıp nama múńli, qayǵıǵa tolı halda payda boladı. Bólimdi klarnettiń qısqa dem alıwı juwmaqlaydı.

Simfoniyanıń **úshinshi bólimi** – Allegro moderato tempinde, 3/4 ólsheminde, A-dur tonlıǵında, ózgeriwshi vals. Onıń naması ásbaplarda erkin ótedi, akcentler ádettegi

II.




ayaq oyın ólshemin buzıp, qıyalıy jılısıp, muzıkaǵa erkinlik, dem alıwdıń keńligin beredi. Tragediyalıq qarama-qarsılıqlar shetlesip, artta qaladı. Tek bólimniń aqırında,

vals ritmine jasırınǵanday, táǵdir teması ótedi, biraq ol da ulıwma tınısh, azǵana múńli keypiyattı buzbaydı.

**Final** (Andante maestaso, 4/4 ólsheminde, E-dur tonlıǵında, úsh bólimli forma kodası menen) valstıń sońǵı akkordlarınan keyin saltanatlı, hátte jeńiske tolı marsh




júrisi menen baslanadı. Bul táǵdir temasınıń jańǵırıǵı - ózgergen, kúsh, batırlıq muzıkasına aylanǵan. Qaytalap-qaytalap, orkestrdiń tolıq jańǵırıǵın jarıp ótetuǵın mıs sazlardıń tembrinde táǵdir teması esitiledi. Simfoniyanıń juwmaqlawshı taktlarında ol jeńimpaz, saltanatlı jańǵırıqta payda boladı. Simfoniyanıń bunday juwmaqlanıwı talqılawshıǵa qarama-qarsı kóz-qaraslardı bildiriw múmkinshiligin beredi - kompozitor jumbaq qoydı: táǵdir teması ulıwma quwanıshqa baǵınadı ma, yaǵnıy jeńilgen bolıp shıǵadı ma, yamasa bul onıń, táǵdirdiń jeńisi hám saltanatı ma?

| № | Bólim ataması | Temp | Razmer | Tonlıq | Forma |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | I bólim | Andante | 4/4 | e-moll | Sonata forması |
| 2 | II bólim | Andante cantabile con alcuna licenza | 12/8 | D-dur | úsh bólimli forma (A-B-A) |
| 3 | Valse | Allegro moderato | 3/4 | A-dur | vals |
| 4 | Finale | Andante maestaso | 4/4 | E-dur | Sonata forması |

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Gúlmaryam K. et al. MÁDENIYAT TARAWINIŃ RAWAJLANIINDA BALALAR MUZIKA MEKTEBINIŃ TUTQAN ORNI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 47. – №. 5. – С. 96-101.
2. Gúlxumar D., Gúlmariyam K. BAQSISHILIQ ÓNERINIŃ RAWAJLANIWI HÁM DÁSLEPKI BAQSISHILIQ MEKTEPLERI. – 2024.
3. Gulmaryam K., Ǵaziynexan D. SHOMANAY RAYONI JUMABAY JIRAW BAZAROV ATINDAǴI 13-SANLI BALALAR MUZIKA HÁM KÓRKEM ÓNER MEKTEBI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 47. – №. 6. – С. 75-78.
4. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.
5. Gulxumar D., Gulmaryam K. BASHEROV DYNASTY //World scientific research journal. – 2023. – Т. 22. – №. 2. – С. 26-31.
6. Dauletyarova G., Kamalova G. A LOOK AT THE WORK OF TEACHER POLATBAY QURBANAZAROV //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 283-288.
7. Segizbaeva G., Kamalova G. J. CHARSHEMOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINDE SAHNA HÁM KINO MUZIKASI //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 289-294.
8. Gúlmaryam K. et al. MÁDENIYAT TARAWINIŃ RAWAJLANIINDA BALALAR MUZIKA MEKTEBINIŃ TUTQAN ORNI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 47. – №. 5. – С. 96-101.